

KUTONGWA NEDARE



Baba vedu veKudenga, tinoKutendai nemukana watinawo wekuungana pasi pedenga rino masikati ano, zvakare, kuzonzwa Shoko raMwari, nekuona kubwinya kwaIshe Jesu Kristu. Tiri pasi pekutarisira kukuru, Baba. Uye tinonamata kuti Mutigamuchire masikati ano, uye remekedzaiwo kushingaira kwedu kwataisa kuti tiuye kuzoKunamatai. Ropafadzai mweya wese uri pano. Tinocherechedza kuti zvinhu zvakanaka ndizvo zvakaoma kuwana. Saka tinonyengetera, kuti nekuda kwekuzvipira kwavo, pasave nemunhu anosara asi kuti vachapodzwa masikati ano. Ponesai vakarasika uye muZviwanire mbiri. Tinokumbira muZita raJesu Kristu. Amen.

Mungagara henyu pasi.

² Denga redu remarata rinoita kuti zvikuomerei kunzwa. Hatisi kuzatora kunze kweshoma, kuti titaure kwamuri. Uye tobva taenderera mberi nemutsara wekunamatira, nekuti ndizvo zvatarongerwa masikati ano, kwanga kuri kwekuzonamatira vanorwara.

³ Uye zvino ndinoda kutaura izvi. Handizivi kuti ndakambonakidzwa riinhi nekuva pamwe neboka revanhu kupfuura boka randinaro pano. Manga makanaka chaizvo. Ndanga ndichiudza Hama Johnson, nguva shoma yapfuura, kuti handizive pandakamboitirwa zvakanaka nemusangano kupfuura apa. Pane mweya wakanaka kwazvo pakati penyu vanhu, nekatendero, kutenda. Ndinoda kugara pano kwemwedzi, kuti tinyatsozivana zvechokwadi. Kazhinji, panguva yamunozivana, ndiyo nguva yaunofanira kuti “sarai zvakanaka” woenda kune imwe nzvimbo.

⁴ Handizive kuti mupurisa uyu mudiki ari kunze pano ndiyani, akamira kunze uko mumvura yese iyoyo iri kunaya, asina kupfeka chinhu mumusoro, achiedza kutungamira mota idzodzo. Kana paine anomuziva, munditenderewo zvichibva kwandiri, muchadaro here? Ndinokuudzai, aita basa rakanaka kwazvo.

⁵ Ndinoda kutenda murume auya pano akachenesa nzvimbo ino, ndokuigadzirisira kuitira uno, kuti musangano uno ugova pano nhasi. Ndinokuudzai, nharaunda ine mungava weremekedzo huru kuvarume vane hushingi ihwohwo, avo vanozoita izvozvo. Ndine mungava wekupa ruremekedzo rukuru kwamuri, kune vanhu vangauya pazuva rakadai. Vanhu vazhinji vaizogara kumba. Ndi—ndinoyemura hushingi hwenyu. Uye imi makamira pano pakati pekuoma kwese uku, mugere pasi pedenga rino, musiri kutonyatsonzwa zviri kuitika, asi zvakadaro matsunga kugara zvakadaro. Ndi—ndihwo—ndihwo

hushingi. Ndi—ndinozvifarira izvozvo. Ndinogara ndichifunga nezverwiyo rwuya:

Ndingatakurwa kuenda kumusha Kudenga
Ndiri pamutambarakede,
Apo vamwe vakarwa kuti vawane mubairo,
Ndokufamba nemumakungwa eropa? (Hongu,
zvakaoma!)

⁶ Ndakaparidza, imwe nguva kasiri kare, kuSouth Africa, uko kwainaya zvakasimba kwazvo munguva yemonsoon, kusvikira vakadzi, vakangogara kwese-kwese nevhudzi ravo rakaremba, vainge vakagara ipapo zuva rese mumvura iyoyo. Handina kumbobvira ndaona musangano wakadaro wekupodzwa muhupenyu hwangu!

⁷ KuMexico, nguva shoma yapfuura, ndinorangerira ndakamira zasi ikoko ndichiparidza, pakwainge kuchinaya sezvizvi, kunze munhandare munorwiwa nemabhuru ikoko, zuva rese. Zvino vanhu ivavo vakanga vavepo na 9 o'clock mangwanani iwayo, vakagara mumvura ichinaya. Uye nemukadzi aiva nemwana akafa mumaoko ake. Mwana akanga afa husiku hwapfuura, uye mwana mudiki iyeye akarara akaomarara, mumaoko ake. Mumwe muchinda akanga apa makadhi ekunamatirwa, uye akanga apedza kuapa ose. Pakanga pasisina makadhi ekunamatirwa. Vakandidzikisa netambo, kuseri kwenhandare, kuti ndipinde munhandare sezvizvi. Zvino Billy akauya achimhanyira kwandiri. Akati, “Baba, handizivi zvandichaita.” Akati, “Ndine maasha 300 akamira ipapo.”

⁸ Zvino vangani vanoziva Jack Moore? Vazhinji venyu mose munoziva Jack Moore, pano, ndinofunga kudaro. Aiva neni.

⁹ “Zvino pane mudzimai mudiki kunze uko,” akati, “ane mwana akafa, afa mangwanani ano.” Dzanga dziri nguva dzingaita 9 o'clock husiku ihwoho. Aive afa mangwanani iwayo muhofisi yachiremba. Uye akati, “Anoda kuti mwana akafa iyeye aunzwe mumutsara.” Akati, “Handina mamwe makadhi, uye ndatoronga mutsara wacho.” Akati, “Handizivi...” Uye kuchinaya mvura yakasimba kwazvo; akangomira ipapo mairi, mvura inotonhora. Ndakatarisa kunze ikoko, uye madzimai madiki ekuMexico, bvudzi ravo rakaremba pasi, rakangotota, rakanyorova, pasi pemwenje iyoyo. Uye waisagona kuona zviriri kunze, nemukati, mvura ichinaya zvakanyanya. Zvino, ndakati... “Zvinoka,” akati, “Handikwanise kumubata,” akati, “tine—tine maasha 300.” Akati, “Anokwira nepamusoro pavo chaipo, uye ane mwana yu akafa.”

¹⁰ Ndikati, “Zvakanaka, Hama Moore, madii maenda zasi kunomunamatira?” Uye ndaive ndaparidza kwemaminitisi 10, ndinofunga, zvichida. Ini ndikati, “Madii maenda kunomunamatira,” ndakati, “nekuti aisazoziva kuti ndini ani,

kana chero ani zvake; panga pambova nevatauri vakawanda.” Ndikati, “Haazive kuti ndini ani. Imi endai munonamatira mwana wacho zvino zvichamugutsa.”

¹¹ Vakati, “Zvakanaka, Hama Branham.” Vakatanga kubva papuratifomu.

¹² Uye pakanga paine chimurwi chembatya dzekare, chakakura *kudai*, chichinosvika, oo, zvichida mayadhi 20 kana 30. Murume bofu akanga agamuchira kuona kwake, husiku hwapfuura hwacho, uye saka vakanga vaine hanya chaizvo. Zvikamu 90 kubva muzana vari maKatorike.

¹³ Saka zvino ndakatanga kuparidza. Ndikati, “Sezvandanga ndichitaura, kutenda ndirwo ruw- . . .”

¹⁴ Ndakatarisa, kwaive kwakamira pamberi pangu, zvino paiva nemwana mudiki wekuMexico; kumeso kudiki kutema, matadza madiki, asina mazino, achingopenya, matadza madiki saizvozvo. Zvino ndakafunga, “Anofanira kunge ari mwana uya.” Ndikati, “Mirai zvisroma, Hama Moore. Udzai mudzimai mudiki wacho kuti aunze mwana pano.”

¹⁵ Saka vakavhura, nzvimbo; asina—asina kadhi rekunamatirwa. Akanga chaizvoizvo asingafanirwi kupinda, asi akaramba akatsunga. Ndizvo—ndizvo zvaunoda. Saka akange aunza mwana kumusoro.

¹⁶ Ndakati, “Baba veKudenga!” Ndizvo, havadudzire munamato. Ndikati, “Handizive kana uyu ari mwana wacho, kana kuti kwete. Ndichangobva kuona mwana mudiki. Asi kana zvakadaro, ruremekedzo rweNyu kumudzimai uyu ari mukuzvipira uku.” Ndakaisa maoko angu pagumbeze diki riya rebhuruu, uye chimiro ichocho chidiki chakaomarara chakareba *kudai*, chakaremba muruoko rwemudzimai.

¹⁷ Zvino mwana akaridza mhere ndokutanga kukavakava, pamusoro perake. . . achingozhamba nesimba raaigona. Mwana akanga. . . Zvino mudzimai mudiki uyu akawira pasi ndokutanga kudandizira kuti, “Padre!” *Padre* zvinoreva “baba,” munoziva. Aive nezvuma muruoko rwake.

Ndikati, “Hazvina basa.”

¹⁸ Zvino ndakati kuna Hama Espinoza, muparidzi wePentekosti. Vazhinji, ndinofunga, ndinofunga kuti munovaziva. Hongu, Hama Espinoza. Ndakati, “Zvino musanyora kuti, ‘mwana iyeye anga akafa.’ Handizive. Chinhu chega chandaona changa chiri ipapo, chiratidzo ichocho.” Ndakati, “Imi teverai mu—munhu anomhanya achitevera mudzimai iyeye, uye morega mudzimai achienda uye morega chiremba achisaina gwaro nezvazvo.”

¹⁹ Uye Christian Business Men’s *Voice* ichangobva kunyora nyaya yacho, “Chiremba akapa huchapupu, ‘mwana afa nemabayo,’ muhofisi yake mangwanani iwayo, ‘na quarter to 9

o'clock.” Uye apa dzaiva 10 o'clock husiku ihwohwo, Ishe Jesu vakamudzorera hupenyu hwake zvakare, nekuda kwekuzvipira. Zvino, ichocho ichokwadi chaicho! Mwari vari Kudenga vanoziva kuti ndizvozvo. Gwaro rachiremba rakasimbiswa! Gwaro racho zvino riri mumaoko eveChristian Business Men, avo Demos Shakarian ari nat-... mutungamiriri wepasi rose. Ane gwaro rakasainwa nachiremba, “Mwana afa nemabayo, mangwanani iwayo.” Uye nenguva dza 10 o'clock husiku ihwohwo mwana akamutswa kuhupenyu, nekuda kwekutenda kwaamai vakaramba vakatsunga kuzviita. Ndizvo zvazviri.

²⁰ Zvakangofanana nemudzimai mudiki weShunemi akaramba akatsunga kunosvika kuna Eria!

²¹ Zvakangofanana nemuGiriki, mudzimai weSirofonike akatsunga kunosvika kuna Jesu. Aiziva kuti aiva nemwanasikana aiva nepfari. Kunyangwe, akanga asitombori muJudha. Rumutsiro rwakanga rwusiri rwekuvanhu vake. Uyezve paAkasvika, mudzimai akasvika kwaAri, Akati, “Hazvina kufanira kuti nditore chingwa chevana ndigochipa kumbwa.” Akamudaidza kuti imbwa.

²² Akati, “Ichokwadi, Ishe.” Onai kuti kutenda kwemazvirokwazvo kunopupura sei kuti Shoko ndereChokwadi! “Chokwadi, Ishe, asi imbwa dzinoda kudya mafufu pasi petafura yatenzi.”

²³ Akati, “Nekuda kwekutura uku, mwana wako apodzwa.” Uye akazviwana nenzira imwe cheteyo, nekuti akanga akatsunga.

²⁴ Maita henyu, zvikuru, shamwari. Ishe varopafadze mumwe nemumwe, vanoridza mumhanzi, Hanzvadzi Ungren pano, neshamwari dzangu dzose. Ndiri kuona pano shamwari dzangu dzakawanda dzauya kumusangano uno. Ndaona, nhasi, Hama naHanzvadzi Evans. Handizive kana vachigona kundinzwa, kana kuti kwete. Vanobva kuMacon, Georgia. Hanzvadzi Ungren pano ne—nevamwe vose vanobva kumusoro kuMemphis, Tennessee. Uye Hama Palmer naHanzvadzi Palmer, neshamwari dzavo. Uye Hama Parnell, shamwari yangu mushumiri ari ikoko. Ndiri kuvaona vakangogara kwese-kwese pano zvino, idzo shamwari, shamwari dzepedyo. Hama J. T. pano, vanobva—vanobva uko kuGeorgia, zvakare, shamwari yavo. Uye tinotenda zvikuru kuva nemi mose pano, nekutenda kwenyu neruvimbo. Vamwe vevanhu ivavo vanotyaira vachienda kuJeffersonville, Indiana, Svondo yega-yega yandinoparidza kumusoro ikoko, vanongouya kuzonzwa. Zvino ndinokuudzai, kuti, nyika haina kukodzera vanhu vakadaro, pamaonero angu. Ndini ndiri vanhu hangu. Imi vanhu pano, tiri chinhu chimwe chete chikuru chaKristu. Tinotenda maAri.

²⁵ Uye zvino haungavi musangano kunze kwekunge ndatora maminetsi mashoma ekuverenga Shoko nekupa mashoko

mashoma. Nekuti, kana wakatendeka zvakakwana kuti ugare pano kwenguva yakareba kudaro, ndinoda kuva ndakatendeka zvakakwana kune izvozvo, kuverenga Gwaro uye ndongopa chitaurwa chimwe kana 2, zvino tobva tatanga mutsara wekunamatira.

²⁶ Zvino ndichaverenga nhasi kubva muGwaro, kubva muna Marko chitsauko 16, kwechinguvana chete, kutora kubva pariri chirevo ichi. Ndichatangira pandima 14.

Zvino mushure mokunge avatsiura, kune 11... wakazviratidza kune 11...vagere pakudya, uye akavatsiura nekusatenda kwavo noukukutu hwemwoyo, nokuti havana kutenda vaya vakanga vamuona mushure mekunge amuka.

...akati kwavari, Endai munyika yose, uye muparidzire zvisikwa zvose vhangeri.

²⁷ Zvino rangarirai, “Pasi rose, Evhangeri iyi, kuzvisikwa zvose.” Vamwe vanoti Zvakaguma nevaapostora. Akataura pano, kuti, kutuma kwaKe kwekupedzisira kuChechi, kwaiva, “Pasi rose, kuzvisikwa zvose. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Kupi? “Nyika yose, kuzvisikwa zvose.” Cherechedzai, ndipo paAkazvipa kuChechi; ndiratidzei paAkazvitora. Uh-huh. “Nyika yose!”

Uyo anotenda...achaponeswa;...uyo asingatendi achatongwa.

Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; Vachabuditsa mweya yakaipa muzita rangu; vachataura nendimi itsva;

Vachabata nyoka;...kana vakanwa chinhu chinouraya, hachingavarwadzi, hachingavakuvadzi; vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere, uye vachapora.

Zvino...mushure mekunge Ishe ataura navo, akagamuchirwa kudenga, uye akagara kuruoko rworudzi rwaMwari.

Zvino vakaenda,...vachiparidza kwose-kwose, Ishe vachibata pamwe navo,...vachisimbisa shoko nezviratidzo zvichitevera. Amen.

²⁸ Zvino, ndinotenda Gwaro iroro kuva Chokwadi.

²⁹ Ndisati ndazvikanganwa, mwanakomana wangu andiudza nguva yapfuura, mumwe mudzimai mudiki, nemurume wake vanobva kuArkansas, vakandibhekera keke rebhavhadhe ndokuripa kwandiri. Vazhinji venyu mandipa makadhi nezvimwe. Handisati ndawana nguva yekuridya nazvino. Ndatenda, zvikuru. Mwari vakuropafadzei. Uye ndinovimba muchava ne...tese tichapemberera bhavhadhe Rekusingaperi mhiriko, kwatichagara pasi, uye ndinoda—ndinoda makore

10,000 nemumwe nemumwe wenyu, tongogara pasi tichitaura. Uye hatizombove nenguva inenge yave shoma, yekutaura, pane yatange tinayo patakatanga. Ndicho Chokwadi. Zvino ndinokutendai nokuda kwezvose zvamaita.

³⁰ Zvino kwemaminetsi angangoita 10, kana 15 chete, pamwe, kana Ishe vachitendera, kuti ndingopa zvitaurova zvisoma.

³¹ Ndinoda kutaura izvi, kuti ndinovimba kuti manzwiwo angu, kutungamirwa kuuya; imi vafundisi muchinzwa kutungamirirwa kunditsigira kuti ndiuye, zvandipa mukana wakavhurika; imi vanhu mange makatendeka kuti muuye; uye Jesu haana kukundikana asi kuti Azviratidza kwatiri nguva imwe neimwe, muchiratidzo chenguva yatiri kurarama mairi. Uye ndinovimba kuti rumuko rwaKe, rwusingaperi, Munhu waZiyendanakuenda, neHupo hwaKe, zvakurunzira kuti uMude uye nokuMushumira kupfuura zvawakaita muhupenyu hwako hwese, kutsunga mumoyo mako kurarama wakatendeka kwaAri, nekurarama pedyo, zviri nani.

³² Ndakambonzwa nyaya yandakaudzwa, nezvenguva yavaiva nenhapwa kuno kuChamhembe.

³³ Vaimbodzitengesa pamisika, nezvimwe zvakadaro, sezvavaiita munguva yenhapwa. Iwo, maBhunu, akavaunza, kunze kuno kuChitsuwa cheJamaica. Zvino vanhu vari kuno, vakavapinza zvisiri pamutemo. Uye vakavatenga kuti vave nhapwa, izvo zvaive zviri pamutemo mumazuva iwayo. Zvino vaienda nepo vodzitenga, zvino vaiwana nhapwa dzakanaka dzakasimba, handiti, vaizo... Nhapwa huru iyoyo yakasimba yaizonoberekesa mudzimai akasimba; izvo zvaizogadzira murume ari nani. Ndicho chikonzero vari shasha dzemunyika nhasi, muzvinhu, mukurwa kwavo. Vangori vakabva pakuberekesana, semombe, nezvimwewo.

³⁴ Asi zvino tinoona mutengi, imwe nguva, uyu anotenga nekutengesa akauya nepo kuzotenga pane rimwe purazi pavaiva nenhapwa zvichida 100.

³⁵ Zvino nhapwa idzodzo, dzaive, dzakasuwira. Vaitofanira kudzirova, kudziita kuti dzishande, nokuti dzakanga dziri kure nekumusha. Vakatorwa zvisiri pamutemo, vatapwa, vakaendeswa muhutapwa uye vakatorwa zvisiri pamutemo. Uye vaizofanira kuvarova, kuvaita kuti vashande, nekuti vakanga vaodzwa mwoyo; vari kure nekumusha. Havaizombofi vakaona baba naamai zvachose. Havaizombofi vakaona mudzimai wavo kana vana vavo. Yaiva nyaya inosuwira.

³⁶ Zvino anotenga nekutengesa uyu, rimwe zuva, akauya papurazi, akati, “Une nhapwa ngani?”

Akati, “Kuda 100.” Akati, “Dzitarise hako.”

³⁷ Zvino akaenda kunze ikoko, uye akadzicherechedza, zvadzainge dziri dzese... Asi mumwe muchinda wechidiki,

hazvaida kuti vamurove. Chipfuva chake chaive chakabuda. Chirebvu chake chiri mudenga, achinyatsoita nemazvo. Zvino saka uyu anotenga nekutengesa, mutengi, akati kumuridzi, akati, “Nhaisi, ndinoda kutenga nhapwa iyo.”

Akati, “Oo, kwete. Haisi kutengeswa.”

³⁸ Akati, “Zvakanaka,” akati, “ko nhapwa iyo, ndiyo mukuru pamusoro pedzimwe dzose here?”

Akati, “Kwete, kwete, haasi mukuru.”

Akati, “Munomupa chikafu chakasiyana here?”

³⁹ Akati, “Kwete. Dzose dzinodyira kunze uko kumabhodho, pamwe chete. Anongori nhapwa.”

Akati, “Chii chinomuita kuti ave akasiyana zvakananyanya nedzimwe dzacho?”

⁴⁰ Akati, “Ndakamboita mubvunzo kwenguva yakareba, pachangu, kuti chii chakamusiyana nevamwe. Asi rimwe zuva ndakazozviza. Mhiri uko kumusha, kwavanobva, Africa, baba vake ndivo mambo werudzi. Asi zvakanadaro, ari mutorwa, anoziva kuti mwanakomana wamambo, uye anozvibatawo saizvozvo.”

⁴¹ Oo, izvozvo zvinofanira kuitawo kwatiri! Kunyange takaparadzaniswa, kunyangwe tiri munyika ine rima yekusatenda, nekusuwa nehurwere nerufu, asi ngatiitei sevanakomana nevanasikana vaMwari. Tiri vanakomana nevanasikana vaMambo. Zvinofanira kushandura maonero edu, zvinhu zvose. Zvisinei zviri nyika yose, tinofanira kusimudzira kodzero dzaMwari. Tinorangerira kuti uno hausi musha wedu. Hatisi venyika ino. Hatisi vepasi rino. Takazvarwa neMweya waMwari, uri Kumusoro.

⁴² Ndichienda, mudzimai wangu, kuno nguva shoma yapfuura, kuchitoro chemagirosa. Ndakaona chinhu chinoshamisa munguva yezhizha, muIndiana, mudzimai akanga akapfeka dhirezi. Havachaapfeki zvachose, munoziva. Uye saka, mudzimai wangu akati...Ndakati, “Nhaisi-nhaisi, tarisai apo! Handizive kuda mudzimai uyo Mukristu.”

⁴³ Akati, “Asika, madzimai ose aya; ndinoziva vamwe vavo vari pano, vanoimba mumakwaya mumachechi.” Akati, “Sei zvakanadaro, Bill, kuti vanoita izvozvo?” Ndakati, ndizvo... “Uye—uye vanhu vedu havaite izvozvo.”

Ndakati, “Hongu. Tiri venyika yakasiyana.”

Akati, “Tiri vemuAmerica, hatisi here?”

⁴⁴ Ndikati, “Oo, kwete. Takangodzika musasa pano. Hatisi vemuAmerica.” Ndakati, “Unoona, tinobva Kumusoro.”

⁴⁵ Mweya Mutsvene wakaburuka, ndokubatanidza mwoyo yedu naMwari, uye takapupura, saAbrahama, “Tiri vafambi nevatorwa.” Uno hausi musha wedu. “Tiri kutsvaga guta iRo

muvaki nemuiti waro ndiMwari,” richibva Kumusoro. Hongu, tiri vanakomana nevanasikana vaMambo.

⁴⁶ Zvino ndichaunza chinhu chidiki chinoita sechinsetsa, kwemaminitsi mashoma chete, asi ndichava nekutongwa, kutongwa nedare pano.

⁴⁷ Muri kundinzwa here? Muri kundinzwa kusvikepi kumashure, simudzai maoko enyu. Saka, zvakanaka. Kumashure neuku, muri kundinzwa here? Zvakanaka. Ndiri kutaura zvine ruzha, potse, sezvandinogona.

⁴⁸ Ndichava nekutongwa nedare, uye nyaya yacho ndeyi: *Shoko raMwari, Rakavimbiswa richipesana neNyika*. Zvino tichazviita sepakutonga kwedare kwenguva pfupi, musati mauya nemumutsara wekunamatirwa uyu. *Shoko raMwari richipesana neNyika*.

⁴⁹ Zvino, nyaya yacho, chikonzero chekupomera mhosva iyi kutyorwa kwevimbiso, iyo ye, “Vimbiso dzaMwari,” vanotaura kuti, “Mwari havana kuchengeta vimbiso yaVo.”

⁵⁰ Muchuchisi munyaya iyi ndiSatani, uye ndiye chapupu chenyika, nokuti iye ndewenyika.

Mupomerwi munyaya iyi ndiMwari Samasimba.

Mufakazi wenyaya iyi ndiwo Mwera Mutsvene.

Tichavadaidza kudare, kwemaminitsi mashoma chete.

⁵¹ Vafakazi vemuchuchisi, vaari kuunza kuti vatsigire nyaya yake, ndiVaHaatendi, VaMushori, naVaKusatsungirira.

⁵² Tichavatonga mudare. Dare rinonzi richitora nzvimbo zvino. Muchuchisi anodaidza mufakazi wake, VaHaatendi. Vanomira pamberi pedare, kutanga.

⁵³ Muchiri kundinzwa here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Zvakanaka. Zvino ndinonzwa zvakati wedzerei kusununguka.

⁵⁴ Zvino, munonzwisisa, inyaya iri kupesana naMwari, iyo VaHaatendi naVaMushori naVaKusatsungirira vari kudanira Mwari ku—kuzotongwa, “nokuti haVachengete Shoko raVo,” vanodaro. Zvakanaka.

⁵⁵ Muchuchisi panyaya iyi, anogara achimiririra nyika, saka muchuchisi muchinhano chino ndiSatani pachake. Uye ari . . .

Tiri kudana kutongwa kuti kuchitanga.

⁵⁶ Zvakanaka, vanodana wekutanga kuuya panzvimbo inomira zvapupu, ndiVaHaatendi. Vanonyunyuta pane izvi, kuti, “Shoko rose rakavimbiswa naMwari harisi rechokwadi.”

⁵⁷ Zvino Vari kuzotongwa nokuda kwazvo. Nyatsoteereresai zvino. Musazvipotsa.

⁵⁸ Vanotaura kuti Marko 16, yandichangobva kuverenga, yakashumirwa kwavari mune mumwe wainzi musangano

weMweya Mutsvene umo vamwe vaiti vari kupodzwa. Uye iyoyo yakashumirwa kwavari, makore 2 akapfuura, uye hapana musiyano mavari nazvino, kuti izvo, “‘Zviratidzo’ izvi hazvitevere mutendi.” Vakati vakazvitaure vachipesana naZvo. Zvakanaka, vakanogara pasi.

⁵⁹ Tinodana chapupu chinotevera. NdiVaMushori. Vanotora Gwaro reShoko raMwari, raJakobho 5:14. Uye vakati vaive panzvimbo yavakati vakuru vakadanwa, uye vakazodzwa nemafuta ndokunyengeterwa. Uye zvakaitika zvokuti kwatodarika mwedzi, uye hapana shanduko yakaitika mavari nazvino, saka vanoziwa kuti izvozvo hazvisizvo. Vari kudana Mwari, uye vachipomera Mwari, nokuda kwazvo.

⁶⁰ Chapupu chinotevera ndiVaKusatsungirira. Muchinda akaipa kwazvo. Zvakanaka. VaKusatsungirira, vanoti vakaverenga kubva muShoko raMwari, muna Marko 11:22 na23, kuti kana ukanamata, kana ukatenda kuti zvawanamatira, unogamuchira, unofanirwa kuwana zvawakumbira. Zvino vakati vakakumbira kuti vaise pasi madondoro avo, mushure mekunge vaverenga Shoko uye vakakumbira Mwari kuti vavapodze. Zvino vakakumbira kuti vaise madondoro avo pasi, zvino atove makore 5 akapfuura, uye havana kuzombokwanisa kuaisa pasi kubvira ipapo.

⁶¹ Saka ivo—saka ivo vanoti, “Mwari havaruramiswe nekuaisa vimbiso dzakadaro dzisina kunyatsofungwa nezvadzo muShoko raVo.” Zvino mava kunzwisisa here nyaya iri kupomerwa Mwari? “Havaruramiswi nekuaisa izvozvo, kuaisa Magwaro akadaro saMarko 11:23, 22 ne23, naMarko 16, Jakobho 5:14, nevimbiso dzakadaro.” Vari kupomera Mwari mhosva nokuda kwekutyora vimbiso, kuti, “Vakatyora vimbiso yaVo, uye havagone kumira nayo.” Zvino vari kuVapomera mhosva yokuisa zvakadaro muShoko raVo, nokuti, “Vana vaVo vanotenda havazivikanwe kubudikidza nezvinotaurwa zvacho, uye zvinovakonjera kuti vatambudzwe, nekuti havasi. . . Mwari havacherechedze Shoko raVo mushure mekunge Vaita vimbiso.”

⁶² Oo, tine nyaya chaiyo pano zvino. Ndinovatarisa, kuti vanogona chaizvo kupupura! Asi zvakadaro, wonzwa zvapupu zvichisisuka zvakare uye zvoti, “Asi zvakadaro, tiri vatendi!” Vanozviti vatendi, ivo pachavo. “Uye akati, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.’ ‘Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.’ ‘Kana ukati kugomo iri, ‘ibvapo’ uye usingapokane mumoyo mako, zvichaitika.’ Uye tiri vatendi.” Uye, asi zvakadaro, zvakare mumwe anosimuka ndokuti, “Asi, iVo, vacho Mwari, vakavimbisa kuti zvinhu zvose zvinogoneka kuvatendi.” Kupomerwa kwakadini kwaMwari pamwe neShoko raVo!

⁶³ “Asi, zvakare, Anoti mupenyu mushure mokunge Arovererwa pamuchinjikwa. Uye vanotaura kuti Gwaro raVo

muna VaHebheru 13:8, kuti Vachingori Mwari nhasi sezvaVaiva nezuro, uye vacharamba vari nokusingaperi.” Chingofungai nezvaMwari mumwe chete! Uye vanoVapomera mhosva nekuda kwazvo, nekuti, “Handizvo,” havagone kuzviita kuti zviite zvakanaka. Zvakanaka.

⁶⁴ “Zvakare, kuti Vanotaura,” uyu ndiye mupomeri zvino, “Vanoti zvese denga nenyika zvichakundika, asi Shoko raVo harimbofa rakakundika.” Vanofanira kunge vari vatendi vari kutaura. Zvino, kupomera kwakadini! Kunyunyuta kwakadini kwatinako kuchipesana naMwari, kuti, “Vakataura mashoko aya, uye vasina kukura zvakakwana kuti vamire seri kwawo.” Unofungei nezvazvo?

⁶⁵ Zvino Satani muchuchisi akagara ipapo, achimiririra nyika, kuti ataure izvi, zvekutyorwa kwevimbiso naMwari, nokuti, “Vanhu ava vauya, vakanga vari mumisangano iyi, uye—uye vakagamuchira zvinhu izvi zvakataurwa naMwari, kunge zviri izvo, asi zvakadaro hapana chakaitika kwavari.”

⁶⁶ Zvino, zvino ngatiregei zvapupu zvemuchuchisi zvimbobva kwechinguvana, munoziva. Vane rimwe divi.

⁶⁷ Zvino tichadaidza mufakazi. Mufakazi wemupomerwi, anova Mwari. Mufakazi waMwari ndiwo Mweya Mutsvene. MuUnzei pamberi pedare. Ngatinzwei chapupu chaWo.

⁶⁸ Ini zvangu! Kutanga, Anoita kuti vanhu vaone kududzirwa kweShoko kusiri iko nemuchuchisi kuvanhu. “Ndizvozvo, nokuti ndiye mududziri mumwe chete aiva naEvha. Ndiye mududziri mumwe chete aiva naEvha. ‘Oo, chokwadi, *Izvi* kana... *Izvi* zvakanaka, asi *Izvo* hazvisi.’ Munooni, mududziri mumwe chete, muchuchisi ndiye, nokuti iye idhimoni. Mumwe chete uyo...”

⁶⁹ Mwari vakachengetedza vana vaVo kuseri kweShoko raVo. Uye kekutanga paunobuda seri kwaRo, unenge wava chacho chakanangwa nadhiyabhore. Asi haakwanise kukuwana chero bedzi wakachengetedzwa neShoko.

⁷⁰ “Zvino vimbiso ndeyokuti...” Wakataura zvakare, “Ndinoda kuti muteerere.” Anoti... Zvino uyu ndiye mufakazi, Mweya Mutsvene. Akati, “Vimbiso ndeyekuvatendi chete, kwete vatendi vekabanga nevatsoropodzi nevasingatende. Vimbiso ndeyekuvatendi chete, kwete kune vamwe.” Zvino, uyu ndiye—uyu ndiye mufakazi. Uye mufakazi anofanira kuziva, nokuti ndiye anoiita mhenyu kwavari. Anoziva kana chiri chokwadi kana kuti kwete.

⁷¹ Anodawo kuratidza dare kuti richerechedze pano, sezvo ari iye anopa Shoko hupenyu, Anozivisawo dare kuti richerechedze, kuti, “Shoko imbeu. Uye kana mbeu ikawira muvhu rakanaka, rakaorera, ichabereka chaizvo izvo Mwari vakataura kuti yaizoita. Asi haina kuwira mumhando yakafanira yevhu, saka hapana ivhu rakakwana, kutenda

kwakakwana, kunozoita kuti mbeu ikure.” Ndinofunga, seUyo Anopa mbeu hupenyu, Anofanira kuziva. Hamufunge kudaro here? Vangani vanozvitenda? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Anofanira kunge ari iYe Anoziva. Iye mufakazi chaiye. Zvakanaka.

⁷² Mufakazi, achipupura zvino, achadaidza chapupu chaKe chekutanga. Zvino, munoona, muchuchisi akadaidza chapupu chake, VaHaatendi, VaMushori, naVaKusatsungirira. Zvino mufakazi ane kodzero yekudaidza mumwe wezvapupu zvaKe. Mweya Mutsvene une kodzero yekuchidaidza, nokuti ndiYe mufakazi weShoko raMwari.

⁷³ Zvino, varume ava vanoti vanotenda, asi Mweya Mutsvene hapana chawaiziva nezvazvo, uye ndiWo woga unokwanisa kuRipa hupenyu. Zvakangofanana nemutumbi wako pano, munoona, mutumbi wako wakafa usina mweya, saizvozvowo Shoko raMwari rakafa risina Mweya Mutsvene kuti uRimutse. Mweya unomutsiridza mutumbi, uye Mweya Mutsvene unomutsa Shoko. Mazvibata here? Zvino, Unofanira kuziva.

⁷⁴ Zvino Uchadana chapupu chekutanga. Ngationei kuti Uchadana ani. Noa, Uchadana Noa.

⁷⁵ Noa akati, “Mumazuva andakararama raive zera resainzi,” rakachenjera kupfuura zvavari muzuva rino. “Zvino Ishe Mwari vakandiudza kuti kwaizouya mvura inonaya kubva kudenga.”

⁷⁶ Kwakanga kusati kwambonaya, munorangarira, panyika. Uye vaigona kutora michina voratidza kuti kwaive kusina mvura inonaya kumusoro ikoko. Rangarirai, hakuna kumbonaya mumazuva iwayo. Mwari vaidiridza nyika kuburikidza nemvura yaiyerera.

⁷⁷ Asi akati, “Kuchanaya mvura uye ichaparadza nyika. Kuchauya mafashama makuru, panyika yose, achafukidza nokuiparadza.” Akati, “Asi zvakadaro, ndine rairo kubva kuna Mwari, kuvaka areka. Ndakatanga kushanda paareka iyi, ndichiratidza kutenda kwangu, kuti ndaitenda zvakataurwa naMwari kuva Chokwadi, zvisinei nekuti sainzi yakati chii nezvazvo.” Ndinofunga kuti anoita chapupu chakanaka, hamudaro here? “Uye zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudii pamusoro pazvo, Mwari vakati kwaizonaya; saka kana kusina kumbobvira kwava nemvura inonaya kumusoro ikoko, Vanogona kuisa mvura inonaya kumusoro ikoko. Ndichavaka areka, zvakadaro, ndichiigadzirira.

⁷⁸ “Kunyangwe, ndaiva nemuchinda iyeye, anga ari pamberi pedare pano nguva pfupi yadarika, VaHaatendi, vaingondiseka nguva dzose. Vakaita dambe neni. Zvino ndakaona VaMushori; vakauyapo ndokundiseka. VaKusatsungirira, vose zvavo, vakandiseka, nekuda kwekutenda mune chishamiso chakadaro. Asi, ndakamirira. Pandakapedza areka, mvura haina kumbouya.

Zvino ndakamirira kwemakore 120, isati yauya, asi yakazouya.” Amen.

⁷⁹ “Gara pasi, chapupu. Ichochochapupu chakanaka. Ngatishevedzei chimwe, chapupu nhamba 2. Abrahama, muunzei.” Tanga tichangobva kutaura nezvake.

⁸⁰ “Zvakare,” akati, “Ndakanzwa Shoko raMwari, pandakanga ndiine makore 75 okuberekwa, ndokundiudza chimwe chinhu chaipesana zvachose nemafungiro ose. Chaitozofanira kunge chiri chishamiso chepamusoro-soro kwazvo. Kuti, ndaizowana mudzimai, ane makore 65 ekuberekwa, achizondiberekera mwanakomana paainge ane makore 65 ekuberekwa. Takaenda zasi ndokugadzirira zvinhu zvose, nokuti Mwari vakataura kudaro. Takazvitenda. Uye...Ndakaudza shamwari dzangu dzose kuti zvinhu izvi zvaizoitika mushure... Izvi zvaitofanira kuitika nokuti Mwari vakataura kudaro. Ndakamirira nokutsungirira. Mwedzi wekutanga wakapera, ndakabvunza mudzimai wangu kuti ainzwa sei. ‘Hapana musiyano.’ Zvakanaka, ndakatenda Mwari, zvakadaro.

⁸¹ “Paiva naVaHaatendi, VaMuseki, VaMushori, nevamwe vose vakamira ipapo. Vakandinyomba nekundiseka, vakandidana, ‘Baba vemarudzi,’ pandakanga ndisina vana.

⁸² “Zvino ndakaramba ndichitenda mwedzi wega-wega, mwedzi wega-wega zvaitika. Akatowedzera kuita chembere nguva dzose, asi izvo...mumakore 25 akatevera, Mwari vakachengeta Shoko raVo riri rechokwadi. Zvakaitika.”

⁸³ “Abrahama, ichochochapupu chakanaka. Shoko harina kumbotaura kuti *riinhi*; Vakati Vaizodaro. Vakati, ‘Ndichakupa mwana, mwanakomana, naSara.’ Kwete mwedzi unotevera; haVana kumboti mwedzi unouya. Vakati Vaizodaro; kwete *riinhi*. ‘Munamato...’ ‘Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.’ Ndiyo pfungwa yacho. ‘Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara, uye Mwari vachamumutsa.’ ‘Mirirai muguta reJerusarema kusvikira mazadzwa neSimba, reKumusoro.’ Kwete kwezva rimwe chete, maawa 2, mazuva 10, makore 10. ‘Kusvikira Simba racho rauya!’” Mufakazi chaiye, machinda aya ndizvo zvavari! “Havana kumbotaura kuti ndiriinhi pataizova nemwana,” Abrahama akati, “asi Vakati taizova naye. Uye nguva dzese zvidziviso zvaitowedzera zvichipesana neni, ndakaramba ndakadzika. Nokuti, handina kudzedzereka pakusatenda kwevanhu. Ndakaramba ndakabatirira.”

⁸⁴ “Zvakanaka, Abrahama, gara zvako pasi. Zvino ngativei nechimwe chapupu, chapupu nhamba 3. Ngatiunzei Mosesi kumusoro, tione zvaanotaura.”

⁸⁵ “Zvino,” akati, “Ndaive musayendisti. Ndakanga ndagara murenje kwemakore 40, mushure mekukundikana pabasa. Asi rimwe zuva ndakasangana naMwari. Zvino Inzwi iroro,

Shongwe yeMoto seri murenje, yakandiudza, Inzwi reMagwaro, kuti nguva yakanga yasvika, kuti Vakanga vanzwa kuchema kwevanhu vaVo, vakarangarira vimbiso yaVo, uye Vakanga vachiburuka kunovadzikinura, zvino Vakanga vachindituma kubasa racho.

⁸⁶ “NdakaVakumbira chiratidzo. Vakandipa chiratidzo, uye Vakandipa chimwe chiratidzo; zviratidzo zvose zviri zviviri zvaizova neinzwi. Vakati, ‘Zvino kana vakasatenda zviratidzo zvose izvozvo, ingodira mvura kubva munyanza pasi, ichashanduka kuva ropa.’ Ndizvozvo, ndizvo zvoga. Farao aizenge atopera ipapo. Vakati, ‘Kana, iwe...havazotendi zviratidzo izvozvo, manzwi iwayo...’

⁸⁷ “Asi, zvakadaro, ndakadzika ndiri mugwara rebasa, sekuudzwa kwandakaitwa naMwari kuti ndiite. Jehovha, iye NDIRI, vakandiudza kuti ndiende zasi ndonoita chiratidzo ichi. Zvino ndakatora chiratidzo ichi pamberi pemufundisi Farao, uye ndikakandira tsvimbo yangu pasi. Uye munozivei? Akaedza kuzviita kuti zvitardzike sepasina, sekunge zvaive mamwe mashiripiti. Uye akawana vamwe vatevedzeri vepanyama kuti vabude vagozviseka, voitawo zvimwe chetezvo. Asi ndaiziva kuti raiva Shoko raMwari, uye ndakanga ndauya kuzotora vana ivavo kubva imomo. Zvisinei kuti chii chakaitika, ndakaramba ndichitenda Shoko raMwari, saka ndakabatirira paRiri.” Amen!

⁸⁸ Mosesi, uri chapupu chemazvirokwazvo! Hazvina kana mutsauko wazvinoita, kuedza kuzvitevedzera, uye nekuedza chimwe chinhu, kuti chitaridzike seicho; akaramba akadzikama. N’anga dzakauya. “Munoona,” Farao akati, “munoona, ndemamwe manomano akareruka. NdiBherizebhabhu, kumwe kuverenga pfungwa kana chimwe chinhu. Ndine varume pano, n’anga, vanogona kuita zvimwe chetezvo; vauki, kuzvinyomba, chero zvazvingava.” Izvozvo hazvina kumisa Mosesi. Rakanga riri Shoko raShe, nokuti chaive chiratidzo cheMagwaro chaizvitevera.

⁸⁹ “Oo, hongu,” akati, “VaHaatendi, VaMushori, nevamwe vose, vakaremba pamapfudzi angu. Asi ndakanyatsogara chaizvo neShoko iroro, ndichiziva kuti Vaiva Mwari vakataura Shoko, NdiMwari vanoRichengeta, kwete ivavo. Vakandiudza kuti ndaizoendesa vana ivavo kunyika yechipikirwa. Vakandiudza kuti ndaizovaburitsa kubva imomo, uye ndaizodzoka kugomo iri kwazvakaitikira. Handizive kuti sei. Farao akatyisa—akatyisidzira hupenyu hwangu, uye zvinhu zvose zvakaitika, asi ndakaramba ndakatendeka kuvimbiso. Pakupedzisira, Mwari vakakunda muvengi, uye ndakavayambutsa nemuGungwa Dzvuku, nepaivhu rakaoma. Mwari vakachengeta vimbiso yaVo, uye ndakauya ndakanyatsonanga kugomo raVakandiudza kuti ndaizouya kwariri, gomo rimwe chete iroro.” Munoona, akanga atenda kuti vaive Mwari, uye akaramba akadzikama.

⁹⁰ Ngatiunzei chapupu nhamba 4, sezvo tiri mukukurumidza. Ngatiunzei chapupu nhamba 4, Joshua, uyo akatsiva Mosesi.

⁹¹ Joshua akati, “Ndakaenda zasi ikoko nevatsori. Ndakatumwa kunze. 12 vedu vakatumwa; mumwe kubva musangano roga-roga.” Ndokuti, “Takadzika zasi ikoko uye tikatarisa. Zvino hepanoi vadzoka, vachitya, ndokuti, ‘Zvakanaka, tinotaridzika semhashu, tiri padivi pemachinda iwayo. Oo, ini zvangu, ivo vakuru kudarika zvati! Ivo varume vane simba, zvole zvavari! Tinotaridzika semhashu.” Uye akati, “PaKadheshi-bhania ndakanyaradza vanhu, akati, ‘Mirai zvisihoma. Makatarisa hofori nekupikiswa. Ndakatarisa pavimbiso yaMwari. Mwari vakati, “Ndichakupai nyika yacho.” Amen. Ndakanyararidza vanhu, nokuti Shoko rakaivimbisa.

⁹² “Zvino, zuva nezuva, vanouya voti, ‘Nyika iripiko? Ko mukaka nehuchi zviripi, Joshua? Makazvivimbisawo, zvakare. Zviri kupi?’ ‘Mwari vachaona nezvazvo.’ Zvino Vakarega vasingatendi vose vachifa. Vakandichengeta ndiri mupenyu, ndokusimudza chimwe chizvarwa. Makore 40 akatevera, takatora nyika yacho. Mwari vakataura kudaro!”

⁹³ Uye, rangarirai, rwaive rwendo rwemazuva 2 chete. Vakavadzivisa kwemakore 40 nekuda kwekusatenda kwavo. Kupodzwa kwako kunogona kusava kure nemaminitsi 5. Kusatenda kwako kuchakudzivisa usinako chero bedzi uchirarama. Unofanira kuzvitenda! Iye ichapupu chaicho, Joshua. Hongu, changamire. Vakatora nyika yacho, makore 40 akazotevera.

⁹⁴ Tine zvapupu zvakawanda kwazvo zvatingadana, asi, kana mukandiregererawo, ndinoda kuva chapupu chaVo chinotevera. Ndingade kuzviunza sechapupu chaVo, kana zvisinganzwiwe zvakananyanya sezvinova nechokuita neni. Ndiri chapupu chaVo. Ndinoda kuva chapupu chaVo chinotevera, chaVo chechi 5.

⁹⁵ Ko Mwari vangatora sei chaguduma vogadzira tsanga yegorosi kubva machiri? Mutadzi, akabva mumhuri ine zvivi; vose zvavo vaine pfuti, uye vakafa vachiri vechidiki; vatengesi vedoro nezvimweze zvamunazvo. Handiti, ndaiva ndisina nechekuita nazvo.

⁹⁶ Amai vangu vari muKubwinya nhasi, vakati, nguva yandakazvarwa, Mutumwa waJehovha uya akauya nepahwindo ndokumira pamusoro pemubhedha wemwana pandakanga ndiri. Vane mufananidzo waCho mumahoro esainzi eArt of Religion nhasi. Chinozivikanwa pasi rose. Mwari vakavimbisa kuita zvinhu izvi. Semukomana mudiki, Inzwi rakataura neni, rikati, “Usambofa wakaputa, kutsenga fodya, kana kunwa doro, kusvibisa muviri wako nenzira ipi zvayo. Pachava nebasa rauchaita kana wakura.” Zvakandityisa, ndizvo chaizvo.

⁹⁷ Chii chandaiziva nezvechitendero? Vanhu vangu, vaimbova, maKatorike. Ndakaziva sei nezvezvinhu izvi? Handina

kumbova muchechi muhupenyu hwangu. Vose vakaroorana kunze kwechечи, saka vakango...Amai nababa, vese, vaive maIrish, uye saka vakangoororana vasiri muchechi, uye taisava nechitendero.

⁹⁸ Taingorarama seboka rembwa, taiva nekamba kanotakurika, sevanogara mumatende, tichibva pano kuenda apo, chero kupi kwataiwana kadumba kadiki kataigona kubhadrara rendi yemadhora 3 kana 4 pamwedzi. Ndiyo nzira yatakararama nayo.

⁹⁹ Mukomana mudiki wekare asina shangu mutsoka, akatakura mvura kuendesa kumudziyo unogadziriswa hwiski, rimwe zuva; apo Mwari, mukuzvitonga kwaVo, vachiri kuchengeta Shoko raVo, vakadzika vari muchamupupuri ndokumira ipapo, uye vakati, “Usaite zvinhu izvi.” Vakazvitaure. Pandakava jaya, zviratidzo zvakatanga kupamuka pamaziso angu, kubva ndiri kakomana kadiki. Zvakandityisa. Ndakazoponeswa, uye ndikajoinha chechi yeBaptisti. Ndakabvunza...

¹⁰⁰ Ndakaudza hama dzangu dzechibaptisti nezvekuenda... Ndaisaziva kuti ndozviti chii, icho chiratidzo. Ndakazviti kubatwa nemweya. Zvino ndakaenda ndikanoudza hama dzangu pamusoro pazvo. Vakati, “Billy, usave nechekuita nazvo. Ndidhiyabhore iyeye. Ndidhiyabhore iyeye. Usave nechekuita nazvo.”

¹⁰¹ Humwe husiku, pamusasa mudiki pandakanga ndichiraura, seri uko mumakomo, ndainge ndakarara kumashure ikoko. Dzinenge 3 o'clock mamwe mangwanani, ndakaona Chiedza chichiuya. Ndakanga ndichangobva kuverenga Bhaibheri. Ndakafunga kuti mumwe munhu ari kuuya, achiveneka nepaburi repapfundo, rambi kana chimwe chinhu. Kwaiva kure-kure murenje. Uye ndakafunga kuti mumwe munhu aiuya. Chiedza chakanga chiri pasi; Chakawedzera nekuwedzera kupararira. Ndakanzwa mumwe Munhu achifamba. PaZvakadaro, Aiva Munhu. Akanga asina shangu mutsoka. Akanga aine vhudzi pamafudzi aKe, uye Akanga akapfeka gemenzi. Zvino ndakatya sekunge ndichafa.

¹⁰² Akati, “Usatya. Ndatumwa kubva muHupo hwaIshe Mwari, kukuudza kuti hupenyu hwako hwusinganzwisike, usaedze kubva pazvinhu izvi, ndiko kudanwa kwako. Uye Mwari vachange vachikutumira kunzvimbo dzakasiyana-siyana pasi rose, kuti unamatire vanorwara. Uye kana ukaita kuti vanhu vatende uye wova wakaperera, hapana chinozomira pamberi pemunamato.”

¹⁰³ Zvakandityisa sendichafa. Zvirokwasvo, zvakadaro. Ndakamira ipapo, uye—uye Akaramba achitaura. Ndakati, “Changamire, ndiri pano nekuda kwekubatwa nemweya ikoko nezvimwe zvakadaro.”

¹⁰⁴ Akati, “Pane zvinhu 3 zvichaitika. Kutanga, uchaziva nekutora ruoko rwako wobata vanhu. Zvino zvichaitika kuti, mushure maizvozvo, kana wakaperera, kuti uchaziva zvakananzika chaizvo zviri mumoyo mavo.”

¹⁰⁵ Zvino ndakati, “Ndizvo zvandiri pano kuti nditaure nezvazvo, ndai... Hama dzangu dzakandiudza kuti zvaiva zvadhiyabhore. Ndiri Mukristu. Handidi kuva chimwe chinhu chadhiyabhore.”

¹⁰⁶ Akati, “Sezvazvaiva kumashure uko, ndizvo zvazviri zvino. Pavaikakavadzana pamusoro pemhando yemabhatani avanofanira kupfeka pamabhachi avo, nezvinhu zvakadaro, uye vashumiri vachitaura kuti Pauro nevamwe vapidigura nyika, chaiva chii? Asi waive mwe—mweya wakaipa wakati, ‘Varume ava varanda vaMwari, vanopidigura nyika,’ Pauro nevamwe.” Akati, “Mweya wakaipa wakupupura kuti vaive varanda vaMwari vechokwadi.”

¹⁰⁷ Akandiudza, akati, “Haurangariri here, muMagwaro, ndicho chinhu chakaitwa naIshe wedu? Uye ndizvo zvaAkavimbisa, Akati zvaizoitika zvakare mumazuva ekupedzisira.”

Ndakafunga, “Zvino, chingava chii ichocho?”

¹⁰⁸ Akati, “Zvinoka, Mweya waIshe Jesu. Ndiye Shoko. Uye Akavimbisa izvi mumazuva ekupedzisira. Zvino usatye.”

¹⁰⁹ Ndakaenda zasi ikoko kunobhabhatidza boka revanhu kurwizi. Pandaibhabhatidza ipapo, uko vanhu vanosvika 5,000 vakamira pamahombekombe, pakati chaipo pezuva, 2 o’ clock masikati, kuchipisa, vakanga vasina kuwana mvura inonaya kwevhiki rimwe kana 2, uye vakamira pamahombekombe, hepano ndokuuya Shongwe yeMoto iya ichitenderera kubva mumhepo, ichidzika pandakanga ndakamira, neInzwi richiti, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa, nekufanotungamira kuuya kwaKristu kwekutanga, Mharidzo yako ichafanotungamira Kuuya kweChipiri kwaKristu.”

¹¹⁰ Mapepanhau akazvinyora, uye zvikapararira muCanada paAssociated Press, pasi rose, “Mushumiri wemunharaunda, mushumiri weBaptisti, achibhabhatidza, uye,” ndokuti, “Chiedza chisinganzwisike chikaonekwa pamusoro pake.” Icho chaicho chavakatora mufananidzo wacho pano, uye vakazviita muGermany ne—nekwese-kwese. Uye zvakatoitika.

¹¹¹ Mufundisi wangu akati kwandiri, akati, “Billy, imhandoi yehope yawakava nayo? Nhai, unoziva kuti hauna kuona...”

Ndikati, “Paiva nemazana aive akamira ipapo, akaChiona.”

¹¹² Zvino vaiuya zasi, voti, “Oo, kunyengedzwa kwepfungwa.” Achiedza nepaanogona napo, ndiye mudhara Haatendi naVaMushori.

113 Ndakabatirira chaiko kuShoko. Ndakagara ipapo, nekuti ndaiziva kuti yaiva vimbiso yaMwari. Amen. Ruka chitsauko 17, Akavimbisa, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma.” Sezvandakaona zvizhinji zvichiitika munyika, tingati, ndakaziva kuti chimwe chinhu chinofanira kuitika. Ndakaona muna Maraki 4, apo vaizo “dzoreredza Kutenda kuShoko,” ravakanga vamwararika vachibva kwari. Ndaiziva kuti izvozvo zvaifanira kuitika, uye ndakaramba ndakatendeka kuShoko. Ndinoona Jesu Kristu, nhasi, “mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.”

Ugano, kuri kunaya. Ndichamira ipo pano.

114 Ndinoda kutaura izvi. Ndaunza zvapupu zvose izvi; chapupu changu ini. Vazhinji venyu muri zvapupu, vhiki rino. Chinhu ichocho ichokwadi, Mharidzo. Ndingagona sei. . .

115 Chiremba Davis vakati kwandiri, “Mukomana, ane dzidzo yekupuraimari, achizonamatira madzimambo nevatongi, uye otungidza rumutsiro rwuchatenderera pasi rose? Billy, kwana mhani iwe.”

116 Asi, Rakazviita! Rakazviita! Makore 33 akatevera, rumutsiro kwese, uye Rakazviita. Mwari vakataura kudaro! Ndiri chapupu chaVo. Havana kutaura kuti *riinhi* paVaizozviita. Vakati Vaizozviita! Ndakamirira nguva apo Shoko raizove remazvirokwazvo chaiwo, raiswa muruoko rwangu, saizvozvo, Munondo, uye ndaizonzvera naro ipapo mifungo chaiyo iri mumoyo mevanhu. Ndakafunga, “Zvingaitika sei izvozvo?” Ndakamirira, ndichizvitenda, uye zvikaitika. Museki, Asingatendi, Mushori, Asingatsungiriri, vachiri vakamirira uye vachitarisa. Asi Mwari, mushure memakore 33, vakazvisimbisa, pasi rose, kupota pasi rose. Apo mapepa, mamagazini nezvinyorwa zvakanorwa, kwese pasi rose.

117 Chiva mutongi. Pfungwa dzako ndidzo dare. Dare rega-rega rinofanira kusarudza zvarinofunga. Ndave kuvhara dare. Iwe chiva mutongi. Pfungwa dzako ndidzo dare. Uye zviito zvako kubva zvino zvichienda mberi, masikati ano, patinoisa maoko pamusoro pevanorwara, ndizvo zvichatsanangura kuti mutongo wako wange uri chii. Maitiro aunoza mushure mekunge wanyengererwa, ndiwo acharatidza zvasarudzwa nemufungo wepfungwa dzako, zvasarudzwa nedare repfungwa dzako. Zvicharatidza chaizvoizvo, kuita kwako kubva zvino zvichienda mberi.

118 Ndinozivisa kuti Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Ndinozivisa kuti hapana chinogona kumira muHupo hwaKe, kuvarume nemadzimai vachazvitenda. Munozvitenda here?

Ngatikotamisei misoro yedu.

119 Ishe, Jesu, shoko rimwe bedzi kubva kwaMuri zvino, riite kuti vanhu vatende. Vakagara pano. Ndanga ndisiri kuzoita izvi,

Baba. Asi, vanga vaine kutsungirira kwazvo, ndiri kukumbira zvinu. HaMungadaro here, pachapupu changu pachangu?

¹²⁰ Tinogona kuverenga muBhaibheri, huchapupu hwevanhu ivavo, huchapupu hwevasingatendi. Tinoona kwavakagara vachiRipomera. VaFarisei ivavo, vanhu vainamata mumazuva iwayo, vakapomera Jesu Kristu. Asi zvakaratidza pachena, kuti Akanga ari Mwanakomana waMwari. Vakati, “UnoZviita Mwari.” Akanga ari Mwari. Akaita saMwari; Akaparidza saMwari; Akapodza saMwari; Akamuka kubva kuvakafa saMwari; Akakwira Kumusoro saMwari. Iye ndiMwari. Ari kuuya, ari Mwari. Tinozvitenda. Pakati pematambudziko ose, Muchiri Mwari. Chapupu chenyu chinonyatsoonekera, Ishe.

¹²¹ Ndinopupura, kana kuti ndataura nezvehuchapupu hwevamwe varume ava. Zviuru zvakapetwa zviuru zvandaigona kudana, kumativi ose ari maviri; mushori, munhu asingatendi, uye nemunhu asingakwanise kumirira kwenguva yakareba zvakakwana. Hamuna kumbotaura kuti *riinhi*. Makati, “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, kana vakatenda, vachapora, zvisinei nokuti inguva yakadii. Hamuna kumboudza Abrahamu apo mwana aizozvarwa. Hamuna kumbobvira maudza Mosesi kuti aizodzoka nevanhu kugomo iroro zuva ripi. Hamuna kumboudza Noa kuti mvura yaizonaya zuva ripi. Hamuna kumbovaudza nguva yacho chaiyo; kana nesuwo haMuna kutiudza.

¹²² Makati, “Kana uchigona kutenda! Kana ukati kugomo iri, usingapokane mumoyo mako, zvichaitika, zvawataura. Kana ukazvitenda!” Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Ishe, ndadzoserwa zvakare nyaya yacho yose kuvanhu. Zvave kwavari.

¹²³ Ndaratidza kwavari, neBhaibheri, uye tose tinozviziva, kuti Yananiso yakaitwa. “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu. Nemavanga aKe takapodzwa.” Ndezvenguva yakapfuura, kuvhara muromo wemushori, neasingatendi akati haAna kumuka, uye vachiedza kuzviita imwe mhando yaMwari wemunhorondo muchinamato.

¹²⁴ Ishe, ndinonamata kuti MuMuratidze zvakare masikati ano pakati pedu, uye moratidza kuungano ino kuti Muri pano; Uyo akataura Shoko, Mwari watanga tiinaye pakutongwa. Kwandiri, Munoruramiswa, Ishe Mwari. MaZviratidza, kuva Mwari. Zviitei pacheNyu wemazvirokwazvo chaiwo, kuti murume nemukadzi wese, vanhu ava vanonzwisa urombo vakagara pano mudanga rino riri kudzudza pano, vachiedza kunzwa Shoko, Riitei remazvirokwazvo kwazvo kwavari, Baba. Zviratidzei iMi kuva Mwari pakati pedu!

¹²⁵ Kuti vanhu mumazera ese, Rasvika pakuuta serinoshamisa, kuvanhu. Pavakanga vari mugungwa husiku huya, uye—uye

Mukauya kwavari, vakafunga kuti chaiva chipoko. Vaiva... Havana kuziva kuti chaiva chii, zvino vakadanidzira. Asi Inzwi riya rakadzoka, “NdiNi.”

¹²⁶ Inzwi reGwaro rinotaura, masikati ano, kuti ino ndiyo awa yacho, ino ndiyo nguva yacho, Sodhoma neGomora nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakagara nenzira yazvaingofanira kunge zvakagara nayo. Uye hepano paMuri, muchiratidza kuMbeu yehumambo yaAbrahama kuti Muri vapenyu, uye Mwanakomana wemunhu ari kuzarurwa muzuva rino reSodhoma. Baba voKudenga, itai kuti vanhu vaone; uye, pavanouya nepano, kuti vagatora Shoko raMwari sezvakaita Abrahama. Hazvina mhosva kuti riinhi mwana wacho...

¹²⁷ Tinogona kudaidza Isaya panzvimbo, uye Isaya aigona kunge akapupura. Angadai ati, “Ishe vakati kwandiri, ‘Mhandara ichabata mimba.’” Dai aikwanisa kumuka otaura nesu masikati ano, pasina kupokana asika izvo zvaaitotaura, “Musikana wese wechiHebheru, mumazuva angu ose, aitaridzika kuve akabata pamuviri neMweya Mutsvene; wese zvake. Asi Makazvitaure, mukazvinyoresa pasi. Makandizivisa semuporofita weNyu. Uye mashoko angu andakataura akatsigirwa neMi. Zviratidzo zvangu zvaiva zvechokwadi. Uye vanhu vakazvitenda, kwechizvarwa chimwe chete kana 2, ndokubva zvazongopera. Asi, mushure memakore 800, mhandara yakabata mimba uye mwana akazvarwa. Zita raKe rainzi ‘Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, naBaba Vekusingaperi,’ makore 800 akazotevera.”

¹²⁸ O Ishe Mwari, dambudziko revanhu ava nderei, redu isu panyika pano nhasi, kuti tizvidane kuti Mbeu yehumambo yaAbrahama? Apo, akamirira kwemakore 25, achivimba ne—nekuva nekutenda zvichipesana nezvisingagoneki, kuona chishamiso chichiitwa, uye Makazviita. Zvakawedzera zvakadini kuti tikwanise kutora Shoko reNyu, apo Muri Mwari mumwe chete anoonekwa akazviratidza kuna Abrahama, ari kuonekwa pano kwatiri munyama yemunhu, nenzira imwe chete yaMakaita kuna Abrahama! Mwari, itai kuti vagodaro, munhu wese, azvione masikati ano, uye abudirire. Nguva imwe neimwe apo vanhu vanopfuura, uye voiswa maoko pamusoro pavo, dai vakabva muchivakwa chino, vachifara, uye vasazombochitambirazve, asi vatende saAbrahama nemamwe madzitateguru ese. Makati zvaizoitika, uye zvichaitika kana vakasaneta. Zviitei, muZita raJesu. Amen.

¹²⁹ Ndinotenda. Ndinotenda. Munotenda! Ndinotenda kuti Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari. Ndinotenda kuti Akamuka kubva kuvakafa. Ndinotenda kuti Anokwanisa nokupfuurira kuita chero vimbiso yaAkavimbisa kuita. Anokwanisa kuchengeta shoko rose raAkambotaura, uye Achariitira isu pano masikati ano kana tikangozvitenda chete.

130 Zvino, haAna kumboti, “Naizvozvo endai, uye—uye mubvise vanhu kubva pamahwiricheya, uye motora zvinhanho zvemwoyo moita *izvi*.” Haana kutaura kudaro.

131 Akati, “Turikai maoko pamusoro pevanorwara, uye vachapora.” Vari ivo vatendi.

132 Zvino, Mweya Mutsvene ndiwo mufakazi waKe pano, Anoziva kana uchiRitenda kana kuti kwete. Usangouya, uchifungidzira. Tora kufungidzira ikoko, uye wotora tariro iyoyo, wotora fungidziro iyoyo, wozviisa pasi petsoka dzako, woti, “Ndine kutenda, ndinoziva kuti zvichaitika!” Chimwe chinhu chichaitika.

133 Munofunga kuti chii, kwandiri, ndakamira pano, shamwari? Munofungei, kwandiri, ndakamira pano sezvazviri zvino, pamberi peungano dzimwe nguva dzinosvika zviuru, nemazana ezviuru, wotaura kuti Ari kurarama, uye Mweya waKe wakandiudza kuti Shoko raAizondipa...? Ko Mwari vangaita chero chinhu here chavasingakwanise kuchitsigira? Munooni, vakati vaizochiita! Ndiro Shoko. Uye womira pano pamberi peungano, apo vanoshora, vasingatendi, nezvimwe zvose zvigere, zviri makumi ezviuru; asi zvakadaro woVaona, woVadaidza panzvimbo.

134 Munotenda here kuti Vari pano? Zvakanaika.

135 Mumwe munhu ari pedyo. Kwete shamwari dzangu zvino; kana uri—kana uchirwara, chero ani zvake, shamwari dzangu. Vangani, vari pano chaipo pamberi pangu, vanoziwa kuti handikuzivei, simudzai maoko enyu sezvizi?...?...

136 Zvino pane vamwe vari muno vanondiziva. Munooni, neche *apa*, vanondiziva, imo muno chaimo. Ndizvozvo, handizvo here, hama, imi mose muri pose apo? Maona? Tarisai kuno. Munooni, vanondiziva.

Asi kunze *kuno*, hamundizive.

137 Vangani vari mumutsara mumwe chete uyu pano vasingandizive, simudzai enyu...Pane mumwe here ari mumutsara 3 iyi pano, imo *muno* chaimo, vanondiziva; vanoziwa kuti ndinoziwa chimwe chinhu pamusoro penyu, nezvimwe zvose? Simudzai maoko enyu.

138 Ndinokuzivai here kumashure uko? Ndinokuzivai, hama? Handitendi kuti vandinzwisisa, nokuti handivazive. Havandizive. Kwete. Hamundizive, handizvo here, changamire? Mu—mu—munondiziva here? Munoziva here kuti ndinoziwa zvakananganisika nemi? Ndimi ani? Pamwe havandinzwisisa; nokuti ini—ini handizive murume uyu. Zvino maitei... Munoziva here kuti ndinoziwa zvakananganisika nemi; pasina kuva wemweya, ndinongokuzivai semunhu, zvino kuziva zviri kukunetsai? [Hama inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Zvirokwazvo

kwete. Chokwadi. Munoono, handingadaro. Munoono, kuri kunaya, uye haugone kunzwisisa.

¹³⁹ Dai Mweya Mutsvene watibatsira zvino. Zvakanaka, kutanga chikamu *ichi* zvino. Imi tendai, muno *umu*.

¹⁴⁰ Murume mumwe chete iyeye, zvino, iye ndi—ndinogona kunge ndisingatombozive. Murume akagara apo, akasimudza ruoko rwake, munoono, handifunge... Haandizive. Ndinoziva kuti haandizive. Asi achangoisa... anga akasimudza ruoko rwake, zvisinei. Handizomubati, zvino, munoono. Ini... .

¹⁴¹ *Imi* ivai mose... Ishe varopafadze. Mumwe munhu namata, imo *muno*. Munotenda here? Mumwe nemumwe wenyu, munoMutenda here? Nemoyo wenyu wese, tendai.

¹⁴² Heuno mudzimai mudiki. Regai ndingodaidza munhu mumwe chete, ndotanga kutura, ndongotaura nemumwe munhu; kuwana waWo... ndoita kuti Mweya Mutsvene ufambe. Mudzimai mudiki akagara apo, munonditenda here kuti ndiri muranda waMwari? Iwe, mudzimai mudiki akagara pano chaipo. Waona? Imi, zvakanaka, 2 venyu magutsurira musoro wenyu. Zvakanaka, tichangova nemi muri vaviri zvino. Zvakanaka.

¹⁴³ Amai vari pano, magutsurira musoro wenyu *sezvizi*; vakapfeka dhirezi repinki. Kana Jesu Kristu akagona kundiudza kuti dambudziko renyu nderei, kana chimwe chinhu pamusoro penyu, muchanditenda here kuti ndiri muporofita waKe; moziva kuti ndiYe? Dambudziko renyu riri kumusana kwenyu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Maona? Maona? Maona? Zvakanaka. Maona? Maona?

¹⁴⁴ Zvino, imi, amai vadiki vari kumucheto, hamuna kuzvibata nekuti mamiriro ekunze anga akaipa. Mune dambudziko reura. Kana kuti moyo... Dambudziko reura, riri muura hwenyu.

Mudzimai uyu akagara parutivi penyu, ane dambudziko remoyo.

¹⁴⁵ Kana zviri izvo, imi madzimai 3 simudzai maoko enyu. Uye ndiri mutsva kwamuri, munoono.

Zvino munotenda here? Ivai nekutenda. Ndizvo zvega zvamunofanira kuita.

¹⁴⁶ Mudzimai mudiki akagara pano chaipo, akanyatsonditarisa, handikuzivei. Muri mutsva kwandiri. Hamu—hamundizive. Mugere apo chaipo, mune chichena chidiki... makanyatsonditarisa. Hongu, imimi. Uh-huh. Hamundizive. Asi muri kurwara, hamusi here? Manga muri kuita sekunetseka zvisihoma pamusoro pechimwe chinhu. Ibundu riri muzamu renyu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu.

Zvino, unoti, “Maona bundu.” Hapana bundu rinooneka.

¹⁴⁷ Ndizvo here? Hapana bundu riri kuoneka. Uye handikuzivei. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndimi ani? Zvinokuitai here kuti mubatsire vamwe? Zvingabatsira here ungano? Zvino, rangarirai, mudzimai akasimudza ruoko rwake. Simudzai ruoko rwenyu, handikuzivei. Mwari ndibatsireiwo. Mai Patterson. Ndizvozvo. Munotenda here?

¹⁴⁸ Gara zviya, ndivamwene venyu vakagara padivi penyu ipapo. Munotenda here? Vanoda kunamatirwa. Vauyira chinangwa ichocho. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza dambudziko raVo? Dambudziko ravo riri mumaziso avo nenzeve dzavo. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Ndizvozvo.

Vanorarama! Vachiri Mwari.

¹⁴⁹ Heunoi mudzimai akagara kumashure uko, ane pfari. Ane pfari, uye ane dambudziko remadzimai. Uye zita rake ndiMuzvare Woods. Kana zviri izvo, simukai netsoka dzenyu. Simukai netsoka dzenyu kana zviri izvo. Handisati ndamboona mudzimai wacho muhupenyu hwangu. Dhiyabhore akusiyai ipapo, hanzvadzi. Mwari ngavarumbidzwe! “Kana muchigona kutenda.” Ingotendai.

¹⁵⁰ Heuno mudzimai akagara kumashure *kuno* uku chaiko. Akarukutika zvakananya. Ari kurwara. Achangobva kuchipatara. Ane—ane dambudziko remudumbu. Zita rake ndiMuzvare Kitchens. Simukai, mutende nemwoyo wenyu wose, Jesu Kristu anokupodzai. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu.

¹⁵¹ Heunoi mudzimai ane dambudziko renduru. Munotenda here nemoyo wenyu wese, zvakare, kuti Mwari vachakupodzai? Mai Whittaker, munotenda here nemoyo wenyu wese, Mwari vachakupodzai? Kana zviri izvo, simukai netsoka dzenyu, kana tiri vatsva mumwe kune mumwe.

¹⁵² Munotenda here kuti Vari pano? Chii ichocho? Ndiye mufakazi waMwari. Hareruya! O vanhu, tendai nemoyo wenyu wese! Ndiye mufakazi waMwari.

¹⁵³ Ko unoMutonga sei? Unotenda here kuti ndiYe chaiye? Unotenda here kuti Shoko raKe nderechokwadi? Akavimbisa! Muvhiki rose, ndakaparidza nezvazvo ndikazviratidza muBhaibheri, kuti Aizozviita muzuva rino. Munotenda here kuti iChokwadi? Munotonga here? Kutonga kwenyu kunoti chii? Munotenda here?

¹⁵⁴ Itai kuti avo vane makadhi ekunamatirwa kurutivi rwuno rwuri *kuno*, ngavamire pakati penzira yepakati pemacheya, neche *kuno*, vane makadhi ekunamatirwa, pamutsara uyu neche kuno; mirai pakati penzira yepakati pemacheya, sokudai. Avo vari kudivi *iro*, vane makadhi ekunamatirwa, mirai munzira *iyoyepakati pemacheya, sokudai. Avo vari kune rimwe divi, mirai munzira iyo yepakati pemacheya.*

155 Avo vari kumusoro uko, vane makadhi ekunamatirwa, fambai muchidzika kumberi.

156 Avo vari mumutsara *uyu* pano, vane makadhi ekunamatirwa, mirai uko kune divi *iro*. Avo vari kudivi *rino* vane makadhi ekunamatirwa, mirai munzira *iyi* yepakati pemacheya. Avo vane makadhi ekunamatirwa, *pano*, mirai munzira *iyi* yepakati pemacheya.

157 Zvino, mira ipapo zvino. Tichatora rimwe divi munguva pfupi iri kutevera. Gadzirai mutsara wenyu. Huyai zasi chaiko. Ndiri. . .

158 Zvino mirai, kwechinguvana, pamuri. Ingomirai pamuri, kwechinguvana.

159 Tarisai, vashumiri vangani vari muno, vanotenda, varume chaivo vanotya Mwari vanotenda kuti Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi, kuti kutuma kwaKe kwekupedzisira kuChechi yaKe, kwaiva kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora”? Vangani venyu vashumiri vanozvitenda? Kana muchidaro, huyai pano mumire neni ipo pano patiri kunamata. Kuitira kuti kana vanhu ava vapodzwa, vachaona kuti vanga vasingori Hama Branham chete; ndimiwo, zvakare. Mirai ipo *pano*, itai mitsara miviri iri padivi nepadivi ipo pano pachopachapfuura nemutsara. Oo, ini zvangu! Chii chimwezve chingaitwa naMwari? Hapana chandinoziva. Tarisai vashumiri vachiyaya kuzopupurira izvi. Endai zasi chaiko, gadzirai mutsara wenyu zasi nenzira *iyi* apa.

160 Huh? [Mumwe munhu anoti kuna Hama Branham, “Handikwanise kuvaita kuti vafambe.”—Mupepeti] Huh? [“Handisi kutombokwanisa kuvaita kuti vafambe zasi kuno.”] Zvakanaka. Zvakaringana. Tichavatora.

161 Zvino ndichaita kuti Hama Borders, maneja, vauye pano pamaikirofoni iyi. Uye ndinoda kuti vachengetedze mutsara uri muhurongwa, kuitira kuti vauye nenzira *iyi*, vadzokere vachipota nenzira *iyi*, uye modzokera kuchigaro chenyu, munoono, pamunouya.

Zvino vose vanogona kundinzwa, simudzai ruoko rwenyu.

162 Tarisai, regai *ava*, vari kumashure-shure, vatange kupinda; uye vatenderere nenzira iyi, uye vagotenderera. Mobva marega vanotevera. Endai muchitenderera shure kwevashumiri pano, kana wangonamatirwa, wonyatsodzokera unogara pachigaro chako. Zvino regai Billy, anozokudaizai mose henyu okuudza kuti mungapinda sei mumutsara. Uye kana uyu wangopera, ngativaitei kuti vamire zasi nenzira *iyi*, uye vouya neimwe nzira iyi.

163 Zvino vose, vanzwisisa, simudzai ruoko rwenyu zvino. Zvave raiti, zvakanaka. Zvino Hama Borders vachange vari pano

chaipo pamaikirofoni, kuti vapupurire pane zvamunofanira kuita. Zvakanaaka.

¹⁶⁴ Zvino tarisai. Chikonzero ndiri kuita izvi, ndechekuti ndinoda kuti munzwisise. Handizive hama idzi dziri pano. Ndinoziva 2 kana 3 vavo. Vanogona kunge vari muMethodisti, muBaptisti, muPresbyteriani. Handizive kuti ndivanaani. Hapana chikonzero chekuti nditaure izvozvo. Maona? Zvino, ndinoda kuti muzive kuti mushure mekunge ndaenda . . .

¹⁶⁵ Nguva zhinji, vavhangeri vanouya muguta uye anoita zvose, munoona, anonyengeterera vanorwara nezvimwe zvose. Munoona, hazvina kunaka. Ndinoda kugara kunze kwemufananidzo iwoyo.

¹⁶⁶ Ndinoda kuti muone Jesu. Vhiki rino, ndaedza nokukwanisa kwangu kwese kukuratidzai kuti Ari pano. Uye kana uine kutenda, ingosweverera uMubate, hazvidi kuti upinde mumutsara. Asi kana uchida kutevera Gwaro iri, Hupo hwaMwari Hutsvene, wabata hanzu yaKe. Chingotarisi, kuti, vanhu ava vamira pano, nguva shoma yapfuura, Mwari vari Kudenga vanoziva kuti handisati ndambovaona muhupenyu hwangu. Uye ndaigona kutangira ipo pano, mumaminitsi mashoma ndaizofenda. Vangani vanoziva kuti Jesu, pazvakaitika kwaAri, mudzimai uya achishandisa chipo chaMwari, mudzimai akapera simba? Vangani vanoziva kuti simba iroro rakabuda maAri, raiva simba raKe? Uye ndiri mutadzi. Asi Jesu akati, “Muchaita zvinopfura izvi, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

¹⁶⁷ Zvino tichanamata. Uye ndinoda kuti vashumiri ava vave neni. Ndichamira kunze kuno chaiko, zvakare, ndoisa maoko pane mumwe nemumwe wevanorwara. Uye zvino kana imi . . .

¹⁶⁸ Rangarirai! Teerera! Inzwai kwaRiri! Ritendei! Kunze kwekunge wapfuura, uchitenda kuti, “Iye zvino zvatoringana nekusingaperi,” usauye. Zvinozongokuitisa kuti utowedzera kurwara. Zvinozotadzisa kutenda kwako. Asi kana uchitenda kuti uri muHupo hwaJesu Kristu, uye kwete isu varanda vaKe. Uye tiri kungoita bedzi, zvapupu, tichiisa maoko edu pamusoro penyu, kuti tinotenda kuti ichi iChokwadi. Uye patinoisa maoko pamusoro penyu, zvitendei uye mobuda muno, muchifara, muchiti, “NdinoKutendai, Ishe! Zvose zvaringana.” Usambofa wakashandura pfungwa dzako.

¹⁶⁹ Zvino rangarirai. Regai nditaure izvi zvakare. Nyatsoteerera. Pfungwa yako ndiyo dare rako, panyaya iyi. Uye zviito zvako kubva zvino zvichienda mberi, zvichava, zvicharatidza kuti mutongo wawapa chii. Ukauya pano woti, “Zvinoka, handizivi,” munoona, unoona pawaMutongerwa. Ari kutotongwa nemumwe nemumwe wenyu, Ari pano pamberi penyu, Shoko raKe riri pano, Anosimbisa Shoko raKe. Uri pano, Iye—Iye ari kutongwa newe, kwete kutongwa neni, ini

ndinoMutenda, Ari kutongwa newe. Uye kana ukaMutenda, uye kana ukaMutonga kuti akatendeka kuShoko raKe . . .

¹⁷⁰ Zvino vave kutongoda kuita kuti mutsara ugadziriswe, saka vari kugadzira ipapo, muri kuonaka. Kungoti, ndakangomirira kusvika autwasanudza. Chingofambirai mberi uko chaiko mobva mazvigadzirira mutsara murefu. Zvino moenda muchidzokera makananga chaiko kwamauya nako, pamunobuda.

¹⁷¹ Kana ukaMutenda, zvino chimwe chinhu chichaitika. Rangarirai, zvino, hapana simba riri mune mumwe wevashumiri ava. Hapana simba riri mandiri. Hapana simba mumunhu upi zvake, rekupodza. Asi tine mvumo kubva kuna Mwari, yokuita izvi. Hatina simba; tine mvumo. *Heino* mvumo yedu, Shoko raMwari, uye Hupo hwaJesu Kristu hunoratidza kuti Ari pano. Chii? Munofanira kupodzwa, mumwe nomumwe!

¹⁷² Zvino tose ngatikotamisei misoro yedu tichiisa munamato mumwe chete. Uye Hama Borders vachange vakamira pano, vachitungamirira nziyo nekutungamira vanhu. Pauri kuuya uchifuura zvino, nyengetera uye utende.

¹⁷³ Imi mose unganai, hama vashumiri. Munoono kuti sei ndaita izvi. Kuti, pandinoenda, ungoro yenyu inozivawo, zvakare, vanhu ava vanopodzwa, muri muranda waMwari, zvakare. Haangori mumwe chete. Mwari havangorina muranda mumwe chete; Vane zviuru zvavo, vose vachaZvitenda. Ngatikotamisei misoro yedu. Mune kodzero yekunamatira vanorwara, seni, Roberts, kana chero mumwewo munhu.

¹⁷⁴ Baba veKudenga, ndinoKutendai zvakare, mumoyo mangu, uye ndinoziva mwoyo pano, Makaruramiswa kuisa izvi muShoko, nekuti takazviona zvichishanda, uye tinoziva kuti ichokwadi. Uye tinoziva kuti zvichashanda pamunhu wese. Uye tiri kunamata kwaMuri zvino, Ishe, tichigadziriswa mweya yedu pachedu, apo tichiziva kuti Muri pano. Mapindura. Mataura Shoko reNyu kwatiri. Muri pano.

¹⁷⁵ Zvino dai Matizodza, Ishe, kuti kana taisa maoko edu pamusoro pevanhu ava vanorwara, vanhu vanorwara vanonzwisa urombo vagere muno mumvura iri kunaya masikati ano, dai mumwe nemumwe wavo apodzwa, uye aenda kumba onopora. Dai vakaita saAbrahama, “akadana zvinhu izvozvo zvakanga zvisipo, sekunge zvaivepo,” nekuti Mwari vakaita vimbiso. Uye ndiMi Makati, “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Hamuna kumboti vaizopora pakarepo, asi Makati vaizodaro. Uye tinozvitenda, Ishe. Batsirai wese—munhu wese kuti azvitende, Ishe, patiri kuisa musangano muruoko rweNyu. MuZita raJesu Kristu, tinotevera Mirairo yeNyu. Amen.

¹⁷⁶ Zvino regai mutsara wekunamatira utange. Hama Borders, torai nzvimbo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . vanotenda here? Ishe vakuropafadzei.

¹⁷⁷ Chikonzero ndaisa maoko angu pamwe chete nemi hama vashumiri, zvanga zviri nekuti vamwe venyu mose manga muri kurwarawo, zvakare, munoziva, uye mazviisa kunze kuno, muchinyengerera vamwe, zvisinei hazvo; hazvina kunaka. Ndinotenda, patabatana maoko edu pamwe chete, ndinotenda kuti Mwari vazviremekedza izvozvo.

¹⁷⁸ Uye pano, zvino, hevanoi—hevanoi avo vasina kukwanisa kusvika kumusangano; zvino ngatinamatirei, mahengechepfu aya.

¹⁷⁹ Baba veKudenga, tinodzidziswa muBhaibheri, kuti—kuti, “Vakatora kubva pamutumbi waMutsvene Pauro, mahengechepfu nemaapuroni.” Hatisi Mutsvene Pauro, asi Muchiri Jesu. Uye tinonamata, Mwari, kuti Mugotumira maropafadzo eNyu nemahengechepfu aya, uye mugopodza mumwe nemumwe wavo. Vapodzei, Ishe, kuitira kubwinya kweNyu. MuZita raJesu Kristu, tinonamata pamwe nokuatumira. Amen.

¹⁸⁰ Ndinoda kutaura izvi. Kuti, mukupfuura nemumutsara, ndaona madzimai nevarume vakabata vacheche, uye vanga vakanyorova. Mungondirangarirawo, hama dzangu vafundisi, kuti, mavhiki kubva zvino, muchaona kuti, pakava nechinhu chikuru chakaitika pano. Vachapora. Ndinoti zvikamu 90 kubva muzana vavo vachapora. Ndizvozvo. Oo, ini zvanga zviri . . . Handisati ndambonzwa mhando yekutenda kwakadaro. Zvanga zvakanaka chaizvo. Ndinoona kuti muri . . . Zvino ingozvibata, enderera mberi woita sekunge zvese zvatopera, zvisinei nekuti hauna kuzvinzwa. Rega . . . Haana kumboti, “Wazvinzwa here?” Akati, “Wazvitenda here? Wazvitenda here?” Uye tinozvhitenda. Uye Ari pano zvino, uye tinoMupa—tinoMupa rumbidzo nembiri, nezvose zvaAita.

¹⁸¹ Uye shamwari dzinodikanwa dzeChikristu, ndinoziva kuti vachange vachivhara musangano mumaminitsi mashoma, uye ndinoda kutaura izvi kwamuri. Kana ndikasangana nemi zvakare kudivi rino reRwizi, ndichakuonai Ikoko neEvhangeri imwe chete iyi, Chinhu chimwe chete ichi. Zvino chingorangarira, kuti zvawagamuchira masikati ano, pfungwa yako yanga iri iyo dare rako. Yaita sarudzo yayo, yasarudza mutongo wacho.

¹⁸² Zvino ingopfuurira mberi uchiita, handina basa kana wanga wakaoma mitezo uye usingakwanise kufamba, ingoramba uchizvitenda, Iye—Iye akati, “Vachapora! Vachapora!” Ndizvo zvataurwa nechapupu, chapupu chese nhasi. Nzira yose zvichidzika nemuBhaibheri rose, Iye . . . kunze kwekunge Atotaura chimwe chinhu pakarepo chaizongoitika. Asi panyaya

iyi, “Vachapora,” ndizvo zviri kuturikwa maoko. Zvino kana chiratidzo chaitika, uye chikati, “izvi zvichaitika pane imwe nguva yakati, imwe nguva yakati,” zvino Anopa nguva yacho. Asi panyaya iyi, Akati, “Vachapora.” Zvitendei, nemoyo wenyu wese. Ngatiimbei kamwe chete.

Kusvika tionane! kusvika tionane!
 Kusvika tionane patsoka dzaJesu;
 Oo, kusvika tionane! kusvika tionane!
 Mwari vave nemi kusvika tionanezve!

¹⁸³ Zvino tisati, ngatikwazisanei maoko nemumwe munhu ari pedyo newe, uti, “Mwari vakuropafadze, shamwari yeChikristu.” Musafamba. Ingorambai muripo, kwazisai maoko ipapo. “Mwari vakuropafadze, shamwari yeChikristu.” Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadze, Roy.

¹⁸⁴ Zvino ngatisimudzei maoko edu kuna Kristu, uye tiimbe.

Kusvika tionane!

Ngativharei maziso edu uye tosimudza maoko edu zvino.

...kusvikira tionane!

Kusvika tionane patsoka dzaJesu! 

64-0405 Kutongwa Nedare
4-H Club Barn
Louisville, Mississippi U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org